

## NOU VOYE YON DOKIMAN TAKS ENPÒTAN POU OU

Oumenm oswa yon manm fanmi ou te resevwa èd pou peye asirans sante nan ane 2015 lan epi ou bezwen fòm sa a pou reklamasyon taks federal ou

Oumenm oswa yon manm fanmi ou te resevwa èd pou peye plan sante ou te achte nan Marketplace ane pase. Li te vini sou fòm yon kredi nan taks yo te bay "anvan" ou te ranpli fòm taks ou — sa vle di, *lè ou te enskri nan plan sante ou*. Poutèt sa, IRS egzije ou pou ranpli yon fòm deklarasyon taks federal ansanm avèk Fòm 8962 IRS pou louvri kont taks ou pou ane 2015 lan. Ou kapab jwenn Fòm 8962 sou sitwèb [www.irs.gov](http://www.irs.gov) epitou w ap itilize Fòm 1095-A ou jwenn nan pou ranpli li.

---

### ÈD LA TE BAZE SOU REVNI OU

Kantite lajan kredi nan taks ou te baze sou revni estime fanmi ou. Epitou vrè revni ou te kapab ogmante oswa diminye pandan ane 2015 lan, apre ou te achte plan sante ou. Lè ou ranpli Fòm 8962 IRS ansanm avèk fòm deklarasyon taks ou, IRS ap itilize fòm sa a pou konpare revni estime ou avèk vrè revni ou. Si vrè revni ou te diferan avèk revni estime ou te rapòte ba Marketplace, li te kapab chanje kantite lajan final èd ou te kalifye pou resevwa nan ane 2015 lan.

**Si vrè revni ou te pi plis pase revni estime ou**, ou te ka gen pou remèt kèk nan kredi nan taks la sou fòm pi gwo oswa pi piti ranbousman taks.

**Si vrè revni ou te pi piti pase revni estime ou**, ou te ka resevwa plis èd finansye sou fòm yon pi gwo ranbousman oswa pi piti taks.

---

## LI ENPÒTAN POU OU POU KONNEN...

### POU KISA OU KA JWENN LÒT FÒM YO

W ap jwenn yon Fòm 1095-A pou chak plan sante Bwonz, Ajan, Lò oswa Platin oswa pou plan yon manm fanmi ou te enskri pandan ane 2015 lan.

W ap jwenn plis pase yon Fòm 1095-A si ou te gen chanjman nan pwoteksyon Marketplace pandan ane 2015 lan. Yo pa voye Fòm 1095-A pou plan ki Koute Chè Anpil oswa pou plan Medicaid oswa Child Health Plus paske plan sa yo pa kalifye pou kredi nan taks.

Anplis Fòm 1095-A, li posib pou ou jwenn lòt fòm taks enpòtan. Fòm sa yo se **Fòm 1095-B ak 1095-C**.

**POU KISA OU  
KA JWENN LÒT  
FÒM YO**  
*kontinye*

Si oumenm oswa yon manm fanmi ou te enskri nan Medicaid oswa nan Child Health Plus nan New York nan yon moman pandan ane 2015 lan, w ap resevwa Fòm 1095-B nan Eta New York. Si ou te enskri nan lòt kalite pwoteksyon yo – tankou plan ki Koute Chè Anpil, Pati A oswa C Medicare, TRICARE, avantaj nan Depatman Afè Veteran (Department of Veterans Affairs), oswa sèten asirans sante patwon ou kotize, –w ap resevwa Fòm 1095-B oswa Fòm 1095-C nan lòt sous yo. Marketplace bay sèlman Fòm 1095-A epi yo pa bay Fòm 1095-B oswa Fòm 1095-C.

---

**FASON POU  
JWENN ÈD**

Si ou gen kesyon sou Fòm 1095-A oswa sou kredi nan taks, PTC, **ale sou sitwèb <http://info.nystateofhealth.ny.gov/TaxCredits> oswa rele Liy Èd Defansè Sante Kominote (Community Health Advocate) nan nimewo 1-888-614-5400.**

Si ou panse nou te fè yon erè nan Fòm 1095-A ou, rele NY State of Health **san pèdi tan nan nimewo 1-855-766-7860** pou nou kapab korije dosye a.

Si ou gen yon kesyon konsènan fòm taks 1095-B oswa 1095-C ou te ka resevwa, rele nimewo ki endike sou fòm sa yo.

Si ou gen kesyon konsènan Fòm 8962 oswa si ou gen lòt kesyon ki konsène taks, ale sou sitwèb **[www.irs.gov](http://www.irs.gov)**.